



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 4 mas 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANKOURAJJE NOUYÒKÈ YO POU PREPARE POU AKTIVITE PANDAN WIKENN ERAB
LA NAN MWA MAS**

New York klase an dezyèm pozisyon nan pwodiksyon erab nan tout peyi a; Aktivite Wikenn Erab la pral fèt nan tout Eta nan 22 ak 23 ak nan 29 ak 30 mas

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te ankouraje Nouyòkè yo pou kòmanse planifye aktivite pou wikenn Erab mwa sa a, ki pral fèt nan tout eta nan wikenn 22 ak 23 ak egalman nan 29 ak 30 mas soti 10am pou rive a 4pm chak jou. New York aktyèlman klase andezyèm pozisyon nan tout peyi a nan pwodiksyon erab, sa ki reprezante 18 pusan nan pwodiksyon peyi a avèk 574,000 galon ki te pwodui nan 2013. Egalman pandan sezon 2013 la, pwodiktè erab yo nan New York te itilize 2.2 milyon wobinè, pi gwo kantite wobinè depi 1949.

“New York te fè kèk nan pi bon pwodui erab nan peyi a - soti nan siwo erab a sik erab,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Endistri lokal erab New York se yon pati enpòtan nan ekonomi agrikòl eta. Se poutèt sa nap fè pwomosyon wikenn erab New York sa ki pral bay rezidan tankou touris chans pou yo jwi tout bagay pwodiktè erab yo eta yo gen pou ofri.”

Wikenn erab la se yon aktivite chak ane ki mete sou pye pa Asosyasyon Pwodiktè Erab, ki pral fèt nan plis pase 100 lokasyon nan tout eta. La, pwodiktè erab yo pral montre vizitè yo kijan siwo erab fèt nan kay ak rafine, pase pa pwosesis soti nan pyebwa pou rive sou tab, eksplike tout bagay soti nan sistèm tib pou rive nan pwosesis evaporasyon. Depannde lokasyon an, dejene pancake kapb disponib, friyandiz tankou bonbon koton erab, pòpkòn erab ak sirèt sik erab. Rantre a gratis pou tout aktivite yo nan Wikenn Erab la.

Komisyonè Agrikilti pa entèrim Richard A, Ball te deklare, “Wikenn Erab la se yon gwo fason pou Nouyòkè yo soti ak aprann plis sou endistri agrikòl ekstrèmman enpòtan sa a. Erab se pa sèlman yon pwodui ki ale sou yon pancake ankò. Ou ka jwenn li nan tout bagay soti nan sòs babekyou pou rive nan diferan epis a kèk nan friyandiz sa yo ki genyen bon gou toupatou. Erab se gwo biznis la nan New York e mwen enpasyon pou m patisipe nan aktivite pandan wikenn erab la nan mwa Mas la.”

Haitian Creole

Dwayne Hill, Prezidan Asosyasyon Pwodiktè Erab nan Eta New York, te deklare, “Siwo Erab se yon pwodui natirèl e se premye pwodui nan ane a. Li enpòtan pou konsomatè yo soti pou yo ka wè kijan yo travay di pou fè siwo erab la. Si yo wè kijan li fèt, yo pral wè poukisa siwo erab New York vo lapènn.”

Greg Zimpfer, Pwopriyetè Pwodui Erab Zimpfer nan Attica, te deklare, “Sa a se yon opòtinite pou wè manje se yon bagay yon moun dwe fè. Youn nan bagay ki pi kouran nou te tandè pandan wikenn erab la se, ‘Mwen kontan mwen ka gen pou m fè l e mwen kapab jis achte l.’ Moun yo genyen yon apresyasyon pou sa ki nan siwo erab New York la.”

Larry Rudd, Pwopriyetè Fanmi Rudd Siwo Erab nan Mannsville, te deklare, “Nou louvri enstalasyon nou yo e nou bay vizit soti nan pyebwa pou rive sou tab la. Moun yo gen anpil kesyon. Nan Wikenn Erab la, yap jwenn repons yo. Yo kapab wè l, santi l, goute l, ak eksperimante eritaj siwo erab New York la genyen. Moun yo vin abitye avèk li.”

Harry Komrowski, ko-pwopriyetè, Komrowski Erab nan Memphis, te deklare, “Gen yon gwo aktivite pou konsomatè yo achte manje lokal e wikenn erab la ap ede yo fè sa trèbyen. Nou envite moun yo vini, e yo vin kwayan nan endistri erab eta a. Wikenn Erab la ap kreye kliyan pou tout lavi.”

Cornell Ekstansyon Koperatif gen yon pwogram vas sou erab ki travay nan diferan pwodui ki gen rapò a endistri erab nan New York, soti nan jesyon forestye pou ede pwodiktè erab yo avèk koleksyon sèv ak tretman, ansanm avèk komèsyalizasyon pwodui a valè ajoute. Pandan aktivite nan wikenn Erab la nan Uihlein Forest nan Lake Placid ak Arnot Forest nan Van Etten, pwogram Erab Cornell la pral egalman teste gou nouvo siwo ki soti nan zanmann ak byepwa birch.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou wikenn aktivite Erab la toupatou nan Eta New York, tanpri ale nan sitwèb: www.mapleweekend.com.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418